36. Prabu estri alon atakon malih, mangke Allah ing jerone *asya*, lan kaya paran tegese, Ngabdul Ngalim umatur, maha suci Allah kang akadim, nora zaman nora makam, tan ngisor tan luhur, tan kalebu tan kejaba, nora pisah nora awor sakeh ingkang dumadi, sang nata gawok ing driya.

37. Nora kena manusa akibir, majanani ing pada manusa, yen waged apa cacade, pangeran kang maha agung, akuwasa daling dasih, sang nata sru tobat, ngujub riyanipun, wong riya antuk duraka, tembe mati bisuk aneng nyamani, apa munggah suwarga.

38. Ni mas putri sangsaya gumati, sampunira kesaput ing driya, sangsaya geges galihe, sang dewi nulya ngadhaton, lajeng sare nungkemi guling, saking trahe kesuma, pepelinge guru, bra(ng)ta nora /h.35/ ketara, mung semune ariyemyem gadhuhan kingkin, tindak tanduking karya.

39. Gurunipun ni mas prabu estri, aneng ngarga asru tapanira, awater terus tingale, weruh dereng tinutur, gene bukti rahina wengi, dhahar suruping ngarga, pisang sekulipun, sampun pirsa yen sang nata, darbe tamu abangkit, bagus wijiling tapa.

40. Sun dongakken anak prabu estri, atulusa dadi kramanira, aja akeh-akeh cobane, kocapa raden ayu, animbali dhateng kyai patih, den padha rumaksaha, maring tamuningsun, sandika ature ki patya, pan sedaya pra mantri lelurah sami, angestokaken timbalane nata.

41. Amiyos sang perabu esteri, neng pendhapa ingiring pawongan, asri tinon ing warnane, rimongnya cindhe wungu, tinretes ing toya mas adi, sinjang geringsing mubyar, apinjung sutra lawas, saya imbuh raga /h.36/krana, wewangunan angelir golek adi, sumber kang giwangkara.

42. Pineremas duduk inten wilis, rema lemes ketel ngandhan-andhan, amemak angrawit sinome, sengkang bapang mancur, wus anglaras lir widadari, semu anerenggilang, manis yen dinulu, kuninge asor perada, kaduk luwes jetmika alus ing budi, sandyah alon ngandika.

43. Pan sabda sang perabu esteri, angelir widadari suwarga, kinahot manca warnane, eseme lir kilat abrung, gebyar-gebyar lir daru ngalih, sumawut cahya padhang, pan gurune ngayu, pilih ingkang madhaha, mung cacade eseme kinarya sandi, akeh santri kedanan.

44. Kyana patih umarak nging gusti, (para) manteri lelurah sedaya, andher neng tarub agunge, angandika sang prabu, endi patih tetamu mami, kyai patih geruwalan nimbali sang bagus, anak /h.37/ mas jengandika, den timbali dhumateng sang prabu estri, nulya prapteng ing ngarsa.

45. Angandika sang prabu esteri, pira kehe pekareman ika, inggih tetiga wiyose, nabi kerem ing dzat iku, kaping kalih pera wali, mapan kerem ing sifat, ping tiganipun, wong mukmin kerem ing afngal, angandika wau ta sang prabu estri, pira kehe kang iman.

46. Bagus fekir matur tegiga singgih, dhihin ma'sum wastane ika, imane kang nabi kabeh, ping kalih iman matzbung, imane malaikat singgih, iman kang kaping tiga, iman makbul puniku, imane mukmin sedaya, sampung jangkep punika tetiga singgih, ratu mas atur kawula.

47. Angandika sang prabu esteri, fekir apa sirahe kang iman, lan iman apa atine, lan apa badanipun, lawan apa cahyane singgih, lan pepetenge /h.38/ iman apa, lan mamanisipun, lan apa thukuling iman, lah ta paran khitmating iman puniki, lan syarengating iman.

48. Lawan wijining (iman) punapi, lawan apa oyoding kang iman, iman apa umahe, lan apa godhongipun, lan kulite iman punapi, paran arannya iman, jawaben sedarum, lan apa gawene iman, Ngabdul Ngalim ature amelas asih, sarwi ajawab soal.

49. Fekir matur maring prabu estri, dene wahu sirahe kang iman, *.a ılaha illallah* mangke, *muhammadar rasulullah* ika, ingkang ati punika singgih, inggih amaca qur'an, iman padanipun akeh-akeh dzikir, cahyanipun iman bener ingkang ati, ashidik /ing/ pangucapira.

50. Manisipun kang iman punika, tuhu asuci tegese, thukule iman ika, zakat fitrah kang den lampahi khikmate iman punika, wedi ing /h. 39/ Hyang Agung tegese wedi punika, anglampahi fardlu lawan wajib, kang sunat linampahan.

51. Sarengate ingkang iman singgih, angalalaken reke ingkang khalal, kang kharam kinaramake, wijining iman ngilmu, umahe iman punika bekti, godhonge iman punika, madhep maring Hyang Agung, kulite kang iman wirang, ing pangeran ingkang maha suci, uteke iman donga.

52. Oyodipun kang iman puniki, ikhlas manah muhung maring Allah, kang iman reke umahe, atine mukmin ika, sembahyang sunat puniki, nyawane iku hidayat Hyang Agung, sampun kajawab sedaya, angandika wau sang prabu esteri, sarwi ngusap sri nata.

D. Sinom

1. Sang nata dewi ngandika, endi tasik tanpa tepi, tingalipun wong ma'rifat, sang nata atakon malih, papan tan mawi tulis, sami uga ta sang prabu, tingale wong /h. 40/ sujana, satengahe para wali, linging nata tunjung kang tan mawi toya.

2. Umatur fekir kasiyan, semunipun eroh *idhofi*, sang prabu geya ngandika, pan damar murub tanpa geni, tan mawi lisah ugi, iya nora lawan sumbu, Ngabdul Ngalim turira, sumbune dzating Hyang Widi, mutlak miwah kang tan kena kawoworan.

3. Sang nata malih atannya, dhahon ijo tanpa warsi, bagus fekir aturira, sampune arupa jalmi, urnis

3. Sang nata malih atannya, dhahon ijo tanpa warsi, bagus fekir aturira, sampune arupa jalmi, uripe kang sajati, angling malih ta sang prabu, pundi mangke tenunan, sentek pisan anigasi, cucul tampar sampurna penigasira.

4. Syeh bagus atur wacana, tingale kang sampun jati, anunggalaken ing karsa, sang nata atannya malih, tanggal pisan kang

purnami, abunder ing sasinipun, sareng lawan grahana, Ngabdul Ngalim anahuri, akeh dumadi ing mangke kang kadi kuna.

5. Ngandika kusuma rara, /h. 41/ apa aran *ngarasy kursyi*, Ngabdul Ngalim aturira, pangayunipun kang surgi, malaikat kang rumeksa sami, ananarik surya iki, agenge mangke kang surya, tigangatus dina iki, lan sawidak dunya mengke kang surya.
6. Enggone langit kaping pat, ingemot pedhati, kupinge padhati ika, tigangatus kehe singgih, lan sawidak kehe kuping, siji-siji dhadhanipun, tigangatus lan sawidak, sadhadhane kang anarik, kathahipun tigangatus malaikat.
7. Punjul sawidak punika, malaikat ingkang narik, yen kala surya grahana, kalebu ing bahrut nini, ing langit kaping pat singgih, sedayane lamaikat iku, agung kaplered enggone lumampuh, katungkul awas ningali, ingkang wong duraka ing Allah aneng dunya.
8. Sarta nedhaken apura, welas malaikat ningali, durakane wong /h. 42/ punika, padatan emut Hyang Widi, welas temen sun iki, temah manira katungkul, welas tingali sira, sabab kadukan tan singgih, milanipun kajub aneng sagera edat ika.
9. Tinarik pedhati ika, lumer kadi kalebu bumi, khakekate kang yekti ika, sumurup dhateng maninggil, seba maring pangeran, kalanipun mendhuwur, tengah wengi ika, asru sujud dhumateng kang maha suci, agengipun ing mangke ingkang wulan.
10. Sawidak dunya punika, nggene langit kapisan singgih, tan arsa sujud ika, sulaya maring Hyang Widi, mung sapisan semadi, tetkala purnama sujud, mila cela cinela, bisa gedhe bisa cilik, tegesipun binendon dhateng pengeran.
11. Satengah khadis tafsir ika, milanipun ingkang sasi, bisa cilik gedhe ika, weruh yeng meteng kang rabi, umure jagung pari, weruh tuwa enomipun, /h. 43/yen ora mangkanaha, tan weruh wewilangan singgih, inggih punika semune kodrat iradat.
12. Sang nata dewi ngandika, dhumateng Ki Ngabdul Ngalim,

punapa kranane uga, ana Jumu'ah kang ari, lawan dina Kemis ika, sarta lawan dina Saptu, kelawan dina Akhad, lan Isnen dina kang nami, lan milane ana kang dina Salasa.

13. Lan Rebo namaning dina, mas pekik alon nahuri, dina Jumu'ah punika, angezhohirken Hyang Widi, ing Nabi Adam dhihin, duk semana zhohiripun, lestari lawan Hawa, tan kena pisah sadimi, dina Saptu zhohire lara kapenak.

14. Dene mangke dina Ahad, akarsanipun Hyang Widi, ngezhohiraken becik lan ala, ing dina Isnen puniki, ngezhohiraken Hyang Widi, iya maring Kanjeng Rasul, ing dina Salasa ika, andadekaken iman taukhid, makrifat kelawan islam.

15. Ing dina Rebo kang nama, karsanipun ing Hyang Widi, turunipun /h. 44/ kang syarengat, tarekat khakekat singgih, milane dina Kamis, turuna kang limang wektu, sampun jangkep sang nata, sang nata prabu atanya malih, endi tasik kang tan mawi dharatan.

16. Ngabdul Ngalim aturira, tasik ingkang tanpa tepi, tingalipun wong makrifat, taken malih sang nerpati, papan tan mawi tulis, sami uga ta sang prabu, tingalipun wong sujana, satengahe para wali, sekar tunjung kang tanpa toya.

17. Sang nata ayu ngandika, amesem atukup lathi, eseme wraga kerana, sapolahe aweh brangti, ngicang alis angeliring, Ki Ngabdul Ngalim tumungkul, salih pinjung sang retna, jingga pineremas adi, amatesi yen amucang masaan.

18. Lancang pangidon neng ngarsa, sedaya cethi neng ngarsi, manggung her panas ngarsa, sedaya dipun paringi, Ngabdul Ngalim sinelir, atunggal lan patihipun, /h. 45/ sandeyah wus tumingal, pan ngucap jeroning ati, punjul dhewek wong iki pasemonira.

19. Kaya nora wingung uga, yen jumenenga nerpati, kaya ta nora wiranga, sineba ing para mantri, tampur manca negari, kaya nora mundur ing kewuh, upamane sawunga, geledheg kaya ambalik, sisikipun kaya meneng ing kalangan.

20. Sawung wido semu abang, lancure teka jelanthir, kluruke am-

bal-ambalan, barise teka angrawit, suku pethak jalu mingis, kaya ta selik sabatu, sawung lama kurungan, manawa purun ing getih, mung cacade kirang wani purun jajal.

21. Sang nata malih atannya, apa lewih ala iki, ature fekir kasiyan, wong esak maring Hyang Widi, wawase kang ati, belis laknat kang tinurut, yen becik nora arsa, lir kadi wong midang geni, panggodhane belis laknat ingkang samar.

22. Amrih barang malebua, ing naraka ika benjing, /h. 46/ manungsa kirang prayitna, dumeh-dumeh yen wus alim, apan malih wong jahil, pan agung ing lenanipun, sang nata malih atannya, apa luwih agung iki, linging wong langgeng iman ing Hyang.

23. Sang nata malih atannya, apa ingkang luwih pahit, lan apa kang legi dhewek, fekir matur angesemi, atine tiyang meskin, upamane butrawangsul, manis kang luwih pelak, atinipun wong sugih, sajatine tan weruh ewuhe setan.

24. Ngandika Retna Maleka, endi desa kang linuwih, lan endi desa kang ala, linging fekir anahuri, ngakherat desa kang becik, yen antuk sahe Hyang Agung, kang asor desa dunya, sang nata atannya malih, endi abot ingkang luwih saking arga.

25. Mas bagus alon wecana, inggih semune puniki, kang becih pangucapira, sakecap nebut Hyang Widi, tannya malih sang aji, peteng lewih saking dalu, padhang luwih rahina, /h. 47/ Ngabdul Ngalim anahuri, luwih peteng wong tan wruh mungguhing sarak.

26. Padhang luwihing rahina, atine kang wus ngalim, sang nata malih atannya, kang jero luwih jeladri, inggih sampurnaning gusti, dhumateng kawulanisun, atannya malih sang nata, adhem luwih saking warih, lawan apa atos luwih saking sela.

27. Ature fekir kasiyan, tumaninah sabar galih, kang jrone nafsune setan, sekeh coba den singgahi, pan eling (mring) Hyang Widi, atos luwih saking watu, nggih punika ati kufur, kang ngangge budi serani, linggih nata sampun leres kang sandika.

28. Sang prabu wau ngandika, apa panas luwih geni, fekir alon

aturira, punika semune singgih, atine wong derengki, sang nata malih andangu, apa inggil luwih saking langit ika, sang bagus anahuri, kang tinanya ratu mas wong /h. 48/ wani kalah.

29. Wekasan luhur punika, wani kalah den enggeni, sang prabu gennya ngandika, andhap luwih saking siti, apan wong ber budi, tan arep kasoran iku, peksane angungkulana, temahan asor pinanggih, angandika sang dewi muktining pura.

30. Lan apa abot punika, ingkang luwih saking ardi, kang landhep luwih curiga, aturipun Ngabdul Ngalim, wong andhap asor ing jalmi, punika jawab pukulun, landhep luwih curiga, pasemunipun puniki, atinipun pandhita para ngulama.

31. Pandhita para ngulama, kang sampun ngarif Hyang Widi, boten pandhita kang mimba, kang esak munggeng Hyang Widi, ngulama ingkang ngalim, munggeng Hyang kang Maha Agung, nora ngalim sulapan, ngalimipun ingkang yekti, nggih punika sang nata jawab kawula.

32. Ngandika malih sang nata, akeh endi lanang lan estri, linging fekir /h. 49/ aturira, semune kathah wong estri, nadyan lanang tan jati, estri uga tegesipun, tan weruh lanangira, sang ayu atannya malih, akeh endi wong urip lawan wong pejah.

33. Pira tengere pejah, Ngabdul Ngalim matur aris, pan inggih limang perkara, tengeripun tiyang mati, lamun tan udani, pan asasar pejahipun, tatkala asekarat, setan belis marepeki, marahe nasarken pangestunira.

34. Lamun wong sekarat ika, tingale rupa putih, punika panutan kita, Nabi Muhammad sinelir, aja ningali malih, lamun tingali sireku, ijo iki malaikat, Jabarail iku singgih, lamun peteng punika pan belis laknat.

35. Pujine lafazh syahadat, sarta maknanipun singgih, lamun aningali abang, punika iya penasaran, nasaraken punika, /lah/ poma aja sira /sira/ tinut, pujine punika *la ilaha illallah* /h.50/ ika, kang sinembah pangerane wong sejagat.

36. Lamun kuning tingalira, aja ngestokaken singgih, punika

pa(ng)godha-godha, samya padha amrih sisip, pujine *illallah* iki, he Allah pangeraningsun, kang agung maa mulya, dzate sifat ing Hyang Widi, yen tan weruh kang sekarat pesthi sasar.

37. Sang nata malih atannya, lan akeh endi wong mati, luwih wong gesang punika, sahure kathah kang mati, madyan gesang tanpa uning, pan sasat pejah puniku, sang nata malih ngandika, nyawaningwang ingkan mati, ana ngendi apa kumpul apa pisah.

38. Kang nyawa mangke tan pisah, tetepi maksih sumandhing, lir kadi layangan pegat, mangkana punjere sing gih, langkung ewed dipati, yen sisip pan dadi kufur, panggawene belis laknat, liwat ewede kang margi, langkung rupti pakewuh laju kang iman.

39. \ h.51 \ Sang nata malih atannya, apa putih luwih putih, inggih atine wong Islam, ikhlasipun kang sayekti, apa ireng luwih manis, atine wong sering kufur, pira kehe kang khewan, kekalih puniku gusti, khewan *nathiqi* tegese punika.

40. Pan kalih khewan punika, khewan *ghairunathiqi*, tegese tan bisa rasan, pangucap kang ala becik, kebo jaran lan sapi, lan sakeh (kewan) sedarum, sang nata (malih) ngandika, milane manusia iki, ingaranan khewan *nathiqi* punapaha.

41. Nadyan silih manusaha, nama khewan wenang ugi, dene samya mahluking Hyang, manusa tan udani, lungguhe ingkang jalmi, khewan uga jenengipun, sang nata angandika, dhumateng kang para mantri, lah mufakat ngilmune kelawan sira.

42. Sedaya samya awot sekar, tan saged amba mahoni, kados boten angsal \ h.52 \ uga, amanggih tetiyang kekalih, kang mimba memper meri, sewu satunggal tan antuk, wong bagus tulus utama, wong santri wasis ing krami, mung cacade dereng mengku negara.

43. Ngabdul Ngalim tan gawokan, pengaleme para mantri, aturira wong suwita, amrih kandele ing gusti, pisaha aneng margi,

angkuhe pesthi kumingsun, mendahane nyopala, wong santri kang kaya mami, pengaleme angalem semune nata.

44. Sang dewi malih ngandika, dhumateng Ki Ngabdul Ngalim, Nabi Adam ingkang yuswa, lan yuswane Nabi Ibrahim, lan Nabi Musa iki, lah ta pira yuswanipun, kelawan Nabi Ngisa, lah pira yuswaneki, atur kawula yen suwawi karsa nata.

45. Nabi Adam ingkang yuswa, sangang atus tahun kehe singgih, punjul sangang puluh \ h.53 \ warsa, Nabi Enuh yuswaneki, sewu warsa puniki, Nabi Ibrahim kang ngumur, patang puluh limang warsa. Nabi Musa yuswaneki, sajenenge mangke amung satus warsa.

46. Nabi Isa yuswanira, tigang atus tahun singgih, punjul tigang puluh warsa, sampun jangkep sang aji, sang nata ngandika aris, milane mayit ingedus, lan pinendhem ing lemah, lan malih mayit puniki, krananipun sinembahyangaken ika.

47. Lan tinelekinaken punika, karanipun ingkang mayit, lan sinedhekahan ika, telung dina pitung dineki, apanta kawan dasa, sang fekir alon aturipun, milane mayit dinedusan, dene asal saking warih, pinendhem punika singgih, asalipun manusa pan saking lemah.

48. Mila sinalataken ika, asal *nur'adim* wujud mayit, dene tinelekim puniki, angsal marga \ h.54 \ kimayit, anut nabi sinelir, sipangate aneng kubur, amrih eling pangeran, lan eling maring kanjeng nabi, lawan malih eling marang malaikat.

49. Lawan eling ingkang Qur'an, lawan dina ingkang akhir, lawan weruh kiblatira, lawan weruh sanak neki, eling panutan singgih, gama Islam den aweruh, lan weruh imanira, lan ka'bah kiblate reki, lah punika sang nata jawab kawula.

50. Milane sinedhekahan, pitung dina kawan desi, lan weton kang nelung dina, tumeka sewu neki, pejah gesange rizki, punika sampun, lawan sihe wong sanakan, wilangen lawan kang mati, sampun jangkep sang nata jawab kawula.

51. Sang nata malih atannya, wong mati neng kubur iki, apa

ingkang prapta ika, lawan gawene punapi, Ngabdul Ngalim anahuri, malaikat ingkang rawuh, karo wanakira ika, tetakon kang \ h.55 \ ala becik, lan malihe tineges agamanira.

52. Tetaken kagila-gila, anggetak angeget-geti, suwara ngebeki jagat, gadane tetinggil, wesi abot sewu kati, lancip mingis siwungipun, sundhul langit bumi ika, petakira anulayani, anggegila ngabar-ngabar gadanira.

53. Anulya sira atannya, manusa lah kadi pundi, den becik pangucapira, jawabira den nastiti, sapa pangeranmu mayit, sapa mayit nabimu, lan sapa panutanira, lan sapa sanakireki, lawan malih punapa agamanira.

54. Lawan apa kiblatira, bapa biyangira endi, imanira iku sapa, lah jawaben dipun gelis, yen antuk sihing Hyang Widi, anulya sira sumahur, Allah pangeran amba, dzat sifat kang maha suci, nabi kita Muhammad Jeng Rasulullah.

55. Panutan kula punika, kitab Qur'an puniku singgih, sanak kawula \ h.56 \ punika, mukmin lanang lawan estri, agama Nabi Ibrahim, kiblat kawula punika, ing Makah ka'batullah, kang imam Imam Syafi'i, weneh ana ingkang anut Ahmad.

56. Ana ingkang anut ika, Maliki Imam Hanafi, sapa bapa biyangira, bapa Adam ing wewangi, bungah malaikat iki, iya bener jawabipun, manusa antuk rahmat, kinasihan ing Hyang Widi, cinawisan suwarga kang luwih mulya.

57. Karun Wanakirun ika, inggitik kanan kering, sampun jembar kuburira, malaikat angaken dasih, pinajang pajang rawi, asri tinon yen dinulu, yen tan antuk tulunging Hyang, tanbuh sahure kang jalmi, gerayahan tanbuh kang den ucapena.

58. Gumeter sariranira, derodhogan untu gathik, karoso kadudonira, aranipun awak mami, aneng dunnya tan ngaji, tan arep akeh pitutur, fardlu \ h.57 \ wajib tan wikan, maksiyat kang den lampahi, wus kaluwih kaduwung tan kena molah.

59. Karun Wanakirun ika, panggadane wanti-wanti, remak rempa lir gelepung, nanging nora mati-mati, pulih ginada malih, ngandika malih sang prabu, Ngabdul Ngalim lah iya,

jawaben soal iku maning, yen wus tutug sun ganjar asmarandana.

E. Asmarandana

1. Atanya malih sang aji, pinten dadine manusa, nembelas iku wiyose, kang saking pangeran, roh napas dadi iman, tutur kitab tufah iku, pamiharsa lan paningal.
2. Pengabu pengerasa singgih, wewalu saking bapa biyung, sekawan bapa wiyose, balung otot kulit uteknya, saking biyang sekawan, daging getih jrohan susum, wus jangkep nembelas ika.
3. Sang nata atanya malih, apa isining suwarga, neraka apa isine, Ngabdul Ngalim aturira, isine \ h.58 \ kang suwarga, akathah ing warnanipun, langkung pelak tiningalan.
4. Kumendhung-mendhung angrawit, pajangan asri kawuryan, kinahot manca warnane, widadari tan kena ngetang, kursi gadhing tinretes, dhaharan sumaji sampun, wowohan sumaji ngarsi.
5. Bengawan toyanya /a/wening, kang taman asri kawuryan, pethetan turut pinggire, dene wau kang dhaharan, sumaji aneng ngarsa, kang cinipta aneng ngayun, bisa lunga bisa teka.
6. Arum-arum kuning wangi, ganda mulet kang suwarga, neraka isine, amis bacin pitung buminya, nanah awuk toyanira, gejahan lawang belenggu, rante padha mara dhewek.
7. Kalabang lan kalajengking, katunggeng kalawan ula, samya padha nyokot kabeh, wong kang aneng jro neraka, lan padha tan zakot, dadi geni murub-murub, ting jelerit padha wuda. \ h.59 \
8. Kayu zaqum den pangani, pangelede seret kasap, lir pinarud gorokane, yen kala dadi wisuna, panas perih arushap, ting geledheg wetangipun, beledang ana rong dandang.

9. Tan kena mati-mati, wong kang aneng jro neraka, anom tuwa anem-anem, kang aneng jrone suwarga, langgeng tan kena owah, tuwa anom (lawan) sepuh, tan wonten ingkang pejaha.

10. Andangu malih sang aji, manusa mangke punika, pinten mangke panggonane, Ngabdul Ngalim aturira, inggih sangang pekara, duk gesang mangke puniku, aneng dunya madu kewala.

11. Panggenanipun punika, duk gesang aneng dunya, ping kalih kubur enggone, ping tiga ara-ara makhsar, ping pat telaga kasyar, ping lima aneng teraju, binobot ing malaikat.

12. Ping neme wowot puniki, wowot shiratal mustaqim neraka iku ngisore, yen \ h.60 \ tan bisa nguwot ika, katadhahan neraka, pasthi wong iku kacegur, den tadhahi ing curiga.

13. Pan wot shiratal mustaqim, unggahipun sewu warsa, sewu warsane luhure, hudunipun sewu warsa, dados tigang ewu warsa, lan gedhene wot puniku, serambut pinara sapta.

14. Landhep luwih pedhang tamsir, manusa nguwot punika, ana lir kilat lampahe, yen antuk pitulunging Hyang, masih wong nguwot iku, ana kaya angin iku, ana lir semut lampahnya.

15. Ana lir walang lumaris, ngarekel banjur atiba, ping pat ika enggone, aneng telak marut punika, ping wolu gunung ingrap, kaping sangane puniku, aneng suwarga neraka.

16. Sang nata atanya malih, pira tengere wong munggah, suwarga lah ya pira tengere, Ngabdul \ h.61 \ Ngalim aturira, inggih kawan perkara, dhihin lampah wajib fardlu, ping kalih ati kang seja.

17. Sarta lawan sabar galih, ping tiga weruh kasucian, iya sucine badane, kaping pat loma ing arta, tegese awelasan, maring wong kawelas ayun, anulungi barang karya.

18. Prabu kenya taken malih, tengere wong aneng nraka, lah ya pira tengere, Ngabdul Ngalim aturira, inggih kawan perkara, dhihin tan arsa pitutur, fardlu wajib datan arsa.

19. Ping kalih ulat aruntik, sarta kereng berangasan, ping tiga tan weruh sucine, anggon gawe sampun kadonya ping pat kumed ing arta, tan welas ing kawlas ayun, pinter barang kang ala.

20. Andangu malih sang aji, pira kehe nafsu ika, lawan apa gawene, lan ing ngendi dunungira \ h.62 \ Ngabdul Ngalim aturira, lelima kathahe napsu, punika atur kawula.

21. Dhihin luamah puniki, ing ngeperu ungguhira, inggih kasereng gawene, ping kalih napsu amarah lungguhe aneng manah, lawange ing mata iku, karyane suka abunga.

22. Rupane abang puniki, ping tiga napsu supiyah, ing limpa ika lungguhe, lah ika dipun prayitna, gawene amemada, iya marang liyanipun, angalem ing duwekira.

23. Lawan malih napsu iki, mutmainah ingkang nama, aneng jantung ika lungguhe, dene wateke ika, anteng nembah Hyang Sukma, tan pegat siyang lan dalu, anging Allah kang kacipta.

24. Sang nata bubar tinanggil, lumebet ing gayapura, ora dhangan lampahe, ana kerasa ing driya, wus pasthine awak ingwang, tekdire Allah kang agung, janjine dasih punika. \ h.63 \

25. Akrama oleh wong santri, ingsun temah mangku iya, senadyan santri wiyose, kaya nora lisemana, tempur perabu patya, sun sawang kaya tan kantun, angadu pasemunira.

26. Mung sata pan kari, kumpul lan wijil kencana, kaya kumpulan kabehe, wong bagus teka jatmika, sang putri alon ngandika, emban inya lawan babu, timbalana bapa patya.

27. Lah sira lungaha aglis, emban inya owat sekar, sampun perapta ing wismane, ki patih tampi timbalan, pekenira ngandika, dhumateng sang dewi ratu, anulya ki patih mangkat.

28. Gegenjangan nulya prapti, ing ngarsane sang nata, sang putri pangandikane, lah kepriye bapa patya, wus pasthine awak ingwang semune ing janjiningsun, kalawan ing sewubara.

29. Sewubara ningsun dhingin, lamun ana ingkang jawab, senadyan \ h.64 \ silih kakere, pesthi pesarah negara, lan ingsun amawongan, sumangko pan uwis rampung, soal manira kajawab.

30. Wong liyuk anduweni janji, dinukan maring pangeran, wedi manira wekasan, lan ora mungguh suwarga, lan iya bapa patya, gawanen iya sang bagus, maring wisma pakenira.

31. Bebesanan lawan mami, manira waged kewala, tembe besuk nggawene, iya ing awak manira, lumuh mangke pinaesan, wirang mering wadya ningsun, ta pamane lawan sira.

32. Lawan undangana sami, sakehe wong negara, manteri punggawa lawan lurahe, lawan wong desa sedaya, poma dipunsumekta, iya sagegamanipun, ajana kang kaliwatan.

33. Hagung gawene iku patih, mung kari sumedya candra, lah ta undhangana kabeh, nulya mangke lekasana, Ngabdul Ngalim den kareksa, wedhak \ h.65 \ lulure puniku, keya patih nulya medal.

34. Sang putri gadhuhan kikin, saundure kyai patya, kelangkung katon langene, tan damar guling anatas, sineba ing pawongan, emban inya lawan babu, sedalu nora ngandika.

35. Sang dewi angles kang galih, gadhuhan lawan kasmaran, rere nem-neman semune, kadya pocang kabaratan, miyut mentul angereras, wong ayu agandrung-gandrung, lir widadari suwarga.

36. Kang netra balut amanis, wadana asang, wulan micis utah sinome, rema lemes ngandhan-andhan, bahu angelar wijang, tangane amatrem kunus, sembada lamun lelewa.

37. Gung gawene sampun prapti, untabe wong sanegara, wong desa pra manca kabeh, aseluran samya prapti, para mantri sedaya, pra bupati samya kumpul, kasukan neng kepatiyan. \ h.66 \

38. Pepak ingkang wadya mantri, arame asukan-sukan, kang wadya bungah manahe, meragat tanpa wilangan, kebo sapi lan menda, banyak ayam ulam eloh, gumuruh wong sanegara.

39. Ki patih bungah kang galih, angluwari sewabara, penikahira sang katong, samya mangke sukan-sukan, pepak ander sedaya, nambut gawe aneng tarub agung, kang gendhing amanca warna.

40. Ki patih muwah sang aji, samya mangke bebesanan, mantri separo gehaton, arame aneng pagelaran, pepak kang bala kustim, sang puteri wakid punika, pangantene sasengguhan.

41. Lir brondong kang bedhil muni, paglaran lan kapatiyan, kang nonton tambuh kathahe, gedhe cilik anom tuwa, lali gawene wismane, arame tabuhan umyung, rebab sulinge anglela.

42. Suka bungah \ h.67 \ ingkang mantri, kaya wong menanga yuda, abro sinang busanane, anglirta sekar setaman, jejel andher kang mulat, tontonan asri dinulu, pelak amanca warna.

43. Kesaru utusan prapti, emban inya lan pawongan, amiyak wong seba mangke, andhawuhaken timbalan, timbalane sang nata, penikahe kanjeng ratu, inggih sadinten punika.

44. Lan malih karsa sang dewi, wanci bedhug wayahira, gamelan munyaha kabeh, tumbak ules lawan benang, gendera lan senjata, lawan iku payung agung, wetokena saking pura.

45. Dhawuhana mring ki patih, Ki Demang Surakencana, patih jro ika miyose, lah sami dipun pryitna, timbalane sang nata, lah sampun manira mantuk, sampun rampung sediya.

46. Patih jro utusan aglis, \ h.68 \ dhateng Patih Mangku praja, timbalane sang lir sinom, anunten nikahena, ing sadinten punika, kinen ngarak ngalun-alun, lajengena maring pura.

47. Sandika ature ki patih, Ngabdul Ngalim pinaesan, binusanan asri tinon, kampuhe amurub muncar, penisete renda mubyar, kuluk rendan dhasar wungu, renda(ne) jene tinatah.

48. Dhuwunge sampun winangking, ladeyane sinasotya, kusuma putri pujine, ukiran cularinusa, sesumping nawaratna, wong sigit imbuh bagus, lir Nabi Yusuf kang warna.

49. Ki Pangulu Mutangalim, pandhita para ngulama khatib

modin lan merbote, samya kinen amapaga, yah idi ponang nikah, panikahe sandyah ayu, angsal Ngabdul Ngalim ika.

50. Sampune dipun ijabi, panikahira sang nata, sangang talam salawate, tumulya wau \ h.69 \ angarak, pepak kang wadya bala, senjata pating jelegur, tambure munya bebarengan.

51. Miwah sakeh kang ningali, tumpang tindhih tetunjangan, gedhe cilik tuwa anom, gajah barong aneng ngarsa, kalwan ula naga, buron alas wis pinutut, kang sipat buron sedaya.

52. Garudha dipun titihi, dhumateng pangantenira, raja asmara wangune, payung agung susun tiga, mantri payungan sedaya, abro sinang yen dinulu, lir pendah wana kesuma.

53. Wakile sang nata dewi, pinaesan binusanan, lah tatanen dipun age, baya iku nulya prapta, enggal ingkang pawongan, lah payo ka(n)ca den gupuh, manu penganten perapta.

54. Sang putri manggung alinggih, pinarak /a/neng kursi denta, pinatek nawaratnane, ingayap \ h.70 \ para bayada selir sedaya, miwah rabine mantri sedarum, ingayap wanten ing ngarsa.

55. Sang putri salin wewangi, Semita Resmi punika, sampun wiraga samune, anglir widadari kendran, tan kena ingalingan, senadyan wakil sang ayu, tan samar ingkang tumingal.

56. Asmara(ne) wus perapti, lajeng dhateng dalem pura, pina(ng)gihan para sinom, rabine mantri sedaya, miwah ingkang pawongan, sang putri isin tumungkul, wirang maring wadyanira.

57. Amadeg wijil ping kalih, sakehe para punggawa, mantri lawan lelurahe, mung Ki Patih Mangkupraja, lawan Sura ka(n)cana, kang wenang dhateng kedhaton, panga(n)tene karo ingayap.

58. Kang ngadhepi para selir, rabine mantri sedaya, dereng carem sa(n)dyah mangke, ingayap aneng jro gubah, kinebutan wanu \ h.71 \ dya, dhedhaharan sampun katur, arame gamelan /ma/munya.

59. Sampune sang nata panggih, rabine mantri sedaya, acaos saben dalune, arame kasukan-sukan, ana ingkang mamacaa, ana dongeng ana catur, waneh kartu dhedhakonan.

60. Dawa (ta) tinutur malih, tigang lastri tigang dina, kang caos wus bubar kabeh, ka(n)tun Patih Mangkupraja, lawan Surakencana, acaos siyang lan dalu, sang dyah meksih ewa-ewa.

61. Sampune samadya sasi, sang dewi welas ing priya, alulut maring kakunge, acampuh paguting tingal, sembada lewanira, campur putri lawan kakung, lir thathit barung lan kilat.

62. Tan ana kaciwa malih, sang putri lawan kang priya, samya tunggal ing galihe, samya wajibing kancana \ h.72 \ bungah Ki Mangkupraja, sang putri tunggal ing kayun, syukur sewu pasihan.

63. Busanane salin-salin, dhasar wong bagus pesaja, aliron penggonane, kang rayi lawan kang raka, sigegen kang kocapa, gurunipun nimas ratu, ingkang tapa ngardi Leka.

64. Pa(n)dhita Sa(s)mitajati, karsane tuju kang putra, dene wus mari gawene, mila ti(n)jo mring sang ratna, menek wani ing priya, temah duraka ing Hyang Agung, syukur bektiya ing priya.

65. Wancinipun tengah wengi, jumerojuk sang pa(n)dhita, lajeng malebet kedhaton, kakang sahos tanpa kena, lebete sang padhita, wau sandyah ayu weruh, yen gurune perapta.

66. Sandyah nulya tedhak mijil, lajeng anu(ng)kemi pada, pangeran guruku tembe, kawula (datan uninga), datan ngipi tan duga, yen panduka \ h.73 \ mangkya rawuh, ati(n)ja dhateng kawula.

67. Sang aji asmara angling, lah ta yayi iku sapa, sang dewi alon ature, pangeran guru kawula, kang langkung saking bapa, kang wismeng pucuking gunung, ngardi Leka pertapannya.

68. Sang aji nulya nu(ng)kemi, ing ngarsa(ne) padanira, temen kiyahi wiyose, kawula kalangkung suka, ing serawuh sa-mpeyan, (pra)sasat ketibanan daru, sayekti ingaken bapa.

69. Kalangkung kusuma dewi, kedhayohan gurunira, pan asanget

(ge)getune, sinuguh sinuba-suba, tan kawarna kang segah, sang pa(n)dhita sabdyane arum anak dewi suwitaha.

70. Lakinira aku nini, iya trahing waliyullah, ing Turkustam negarane, ma(n)di barang ingkang karsa, sandik(a) ing wacana, sujana ing barang ngilmu, andhap asor loma ing arta.

71. Terutus ujarku dhingin, \ h.74 \ besok ana bisa jawab, suolira ta mangke, ingkang satus perkara, pasthi jumeneng nata, dadi lan lakimu besuk, tur bagus bakti pangeran.

72. Lan malihe sira nini, anuta Dewi Fartimah, oleh bekti ing lakine, atas paken Rasulullah, marak mering kang putra, Fartimah poma /a/nakingsun, bekti(a) ing lakinira.

73. Padha lan bekti Hyang Widi, nimas wong bekti ing priya, aja sira angas mangke, aja ngrasa akerama, anggonen gustinira, ing dunya akhirat iku, lah ta poma la(m)pahana.

74. Umur pira isun nini, yen tan mangko marakena, mangsa luput mati mangko, lan mangsa ngalusungana, aturira sang ratna, inggih leres bapa guru, pangandika madurasa.

F. Dhandanggula

1. Kyai Agung Sela \ h.75 \ kang winarni, gadhah tangan Ka(n) jeng Sultan Demak, sekelangkung jatmikane, Kyai Agung pitutur, mering anak putunireki, lah rare sun pepoyan, mering sira putu, padha sira pirsakena, tuturingsun dudu layang dudu tulis, pan pepali aranira.

2. Pali iku estu kena barkete, tur selamet lawan kuwarasan, pepali iku mangkene, poma /a/ja /a/gawe angkuh, aja ladak (lan) aja jahil, aja budi serakah, lan aja celamut, lan aja guru aleman, aja mamak wong ladak pan gelis mati, aja manah angiwa.

3. Aja saen pan den idhep ngisin, sira ngagungaken awak(ira), wong urip pinten baguse, aja lali met bagus, iku dudu (dudu) mas picis, lan (ya) dudu sandhangan dudu rupa iku, wong bagus pakewuh pisan, m/en/yang sepadha /kang/ urip prihen \ h.76 \ padha asih, perak ati rupanya.

4. Aja sira mangeran mas picis, aja sira mangeran busana, (kurang 4 gatra), aja mangeran ana ewuh, (ewuh) sajroning nala, pan ketara alane sajroning ati, pan dadi panangaran.

5. Datan wuranga ta ngidhep ngisin, isin iku pan kalih perkara, sawiji /isin/ mring pangerane, dene ping kalihipun, dipun isin padhaning jalmi, yen kalakuan wiwang, separone arus, dipun etut darbe kadang, wong sesanak aja pegat ngati-ati, yen jeneh dadi ala.

6. Aja sira watek suka sugih, aja sira (a)watek dahuwen, aja (a)watek anguthuh, (kurang 1 gatra), aja watek ngaruh-aruhi, aja guru aleman, aja utang sanggup, medhukun becike dina, mematenge lamun sira nora yekti, pan dadi sirahing cala.

7. Poma-poma sira aja drengki /derawi/, \ h.77 \ aja angremeh lan aja canthul, angrusak mamak anggepe, aja delap alengus, pan wong urip den ngati-ati, aja manah angiwa, ala kang tinemu, sing sapa atine ala, nora wande ing be(n)jang sira pinanggih, wong ala anemu ala.

8. Sapa ingkang dhasarken apik /nora/, nora wande sira manggih harja, dhawuh saturun-turune, poma aja kumingsun, aja ladak lan aja jahil, aja manggung sembrana, dadi kaparan tutuh, dadi kaparan tiwas, lamun ana wong manterap iku den wedi, milane iku uga.

9. Balikan ta tirunen agelis, jalma paterap sira kasihan, apan arahen berkate, amberkati wong iku, datan wanang tan sira (a)ji, pegat (a)ngati-ati, (kurang 1 gatra), dadi tan (sa)wiyah-wiyah, poma-poma lamun sira urip, aja kibir lan /aja/ sumungah.

10. Aja derengki ing (sa)samine, (kurang 2 gatra), iku \ h.78 \ walat kang agung, pan wong urip, den ngati-ati, aja ngaku kedhotan, aja gunggung ngilmu, aja ngaku sugih japa, aja gunggung lakunira pribadi, miwah mring kadangira.

11. Aja sira ngendalaken sugih, aja sira kapingin kedhaton, kakuwasan apa dene, aja watek ahumuk, aja dhalang ngaku hu(n)dhagi, aja budi sudagar, aja budi qahum, jangjine zakat

fiterah, yen sinuda padune cukeng aberngis, iku qahum satata.

12. Ku(m)bah surakah (krakah) cukit andulit, apan jagal melaten amerna, iku nora dadi gedhe, siriken ujar iku, ing wong urip den tetengeri, apan katemu ing basa, wus katereng semu, mapan wus katereng ngulat, yen wong ala senadyan wau kang becik, kang jujur wus aneng cahya.

13. Bokmenawa sira (iku) benjing, yen klakuan anak putunira, \ h.79 \ miwah saturun-turune, yen klakon dadi agung, apari(n)tah samine jalmi, aja sedaya-daya, dadi nora tulus, punggawane dadi kahuban, yen neracah mari(n)tah mering wong cilik, aja sedaya-daya.

14. Pan kocapa /lah/ jalma kang sejati, iya iku gurune pandhita, tan katara ing lakune, tan acagah tan shahum, tan atapa ora (a)mutih, nanging tansah prayitna, iku lakunipun, prayitna ing awakira, mung sanake punika kang den kawruhi, sanakira rat buana.

15. Banyu geni bumi klawan angin, langit lintang srengenge rembulan, punika sanake kabeh, jalma kang salah iku, sakathahe satru nareki, mulane ana walat, lir kang tinemu, jalma kang luhur iku, lanang wadon sakehe sanakireki, mulane dadi harja.

16. Manah kang lumrah arahen \ h.80 \ kaki, aja sira darbe manah (ala), siya-siya mring /ing/ padhane, aja /a/guru ing nafsu, ing wong urip den budi asih, poma den serata(na), (sakeh) lampah ayu, piliyan kang tekeng mulya, lampahira akeh katut dening iblis, lulus(a) lampahira.

17. Wong jatimika reke akeh asih, den rumasa sira kawlas arsa amet rasane wong akeh, aja sira /uga/ wilangun, karya solah ing lola kaki, u(m)bale dadi tadha, weruh(a) ing laku, wus katereng ing kagungan, sabudiyan mangkana ika wong luwih, atine kang den reringe.

18. Dedukanan ing manahireki, yen lelungan sira mering paran, pasthi padha adoh wonge, cakranen jroning qalbu, aja ngaku budi sawiji, ajana gegujengan, iku dudu semu, den prayitna

lampahira, /lan/ aja sira gumangkit \ h.81 \ lawan aja ngite, (kurang 2 suku kata) ngisin ngiyana.

19. Aja ngina ing wong bodho meskin, aja guyu reke ing wong dama, ora (ta) ana bedane, apan sameya tuwuh. dinadekken denira Hyang Widi, sinungan cecelepan. sakehing tumu-(wu)h, kapanggih ing nawang tawang, ing rizeki iku paesaning (gusti), tan kena singgahana.

20. Nyinggahana yen amapak estri, ulatira aja samu giwang, pan nora nana becike, iku memurung laku, (pan) sandhangan amigunani, lamun dalu yakina, manah mering dudu, anglingaken pan cula, (ang)lir wirang yen sisip maring ing pati, yen orane salewengan.

21. Sesanakan aja nguciwani, nora kendel /a nggenira sanakan, aja dursila lampahe, inggenge wong mitra karuh, tata krama adipun becik, yen (sira) kekadang(an), aja silih ukur, aja watek adedurna, \ h.82 \ wong sesanak aja sira amboseni, (kurang 2 suku kata) maring wong tuwa.

22. Wong ngatuwa lamun miturturi, tarimanen asih mering sira, mung saamrihe alane, saujar(e) tinurut, sampunana sinukmeng ati, lamun ujar p(a) aran, sidikena wau, simpenen aneng wardaya, den prayitna sira angga dhuhe ngelmi, watune (a)neng punca.

23. Darya iku (ka) lamun (a)majil, kadya geni sangamilamila, aprang /arcu/ lan arjunane, ajura lamun bendu, benduk saya sine(n)dhal uning, langit angebeki buwana. kurda karemanguh, buru danba kagila-gila, sang arjuna angling nulya marani, eling sinala mala.

24. Nala mala pan sirnaning ati, panca driya akeh kang mangkana, sira ingina dhwe, yen sarta dereng weruh. panunggale sawiji-wiji, balikta takokena, maring \ h.83 \ wong kang luhung, yen sira marak pa(n)dhita, ngrasanana molana wekasan pati, lan sampurnaning raga.

25. Raganira reke den nastiti, yen angucap lawan garwanira, den ismu(a) asmarane, dadining wong estri lulut, lamun sira

anemu kardi, aneng jroning payudan, angrasanana iku, kateguhan katimbulan, padha prihen rowangira angembuli, den bisaha amrayoga.

26. Prayoganen supantese kaki, lamun ana sujalma pertapa, atutur kasupatane, yen ana /tur/ lakunipun, pangucape /a/nggennya kepanggih, miwah ing solahira, /a/nggenira ketemu, yen ana pa(n)dhita, telikanen ing pangan kalawan guling, miwah resiking nala.

27. Yen resikan polahe nastiti, iya iku tengere pa(n)dhita, pan \ h.84 \ ketara pasemone, lamun ana angaku, kirang pangan tuturna reki, nyataning (a)sarira, /a/nggenira katemu, miwah ing wong sihin-sihin, mitra karuh wus tumrap ing solah neki, wani kalah manahira.

28. Panengeran ing wong siji-siji, kawruhana upamane iya, /kadi/ lir gedhah /kang/ isi warihe, saisine kadulu, sawarnaning katon ing jawi, kadya reke sujalma, tan wurung katemu, semangganira rerasan, nora wande mangkana kang den rasani, mung becik klawan ala.

29. Alaning wong ika bodho meskin, barang karya ika padha cuwa, mapan tan ana rupane, kadi anggening ranu, yen tinilar toyanya /wa/ sepi, ganggengipun pan sirna, tur ati lan tu(n)jung, peksine tan ana saba, kadya tunggul tan ana purnamaneki, \ h.85 \ burone tan ana saba.

30. Tan sinaba ing wong bodho meskin, lanang wadon kabeh sami ewa, kadang warga buwang kabeh, tan ana arsa ngruruh, anjagani karsanireki, mangkana ing partingkah, ewuhing tumuwuh, yen reke amicaraha, lamun bodho anggedhongana mas picis, punika kang dadi rega.

31. Luwih rega wong putus ing gawe, sugih ngamal mring kang winarahan, aksara lawan tegese, lamun sira den wuruk, aja sira peksa gumakit, nadyan silih bisaha, den nedya mituhu, ing yen tan woning tegese, wipalane tuhu wekca memarahi, sawirasaning sastra.

32. Sastra iku tan kena lini(n)dhih, amertani padhange sarira, amadhangi jagat kabeh, budi nora kalurung, weruh ala kala-

wan \ h.86 \ becik, wipalanipun dunnya, mas picis punika, den aku kena dening nyawang, dadi pager aling-aling ing nyamani, luput ing kira-kira.

33. Utamane wong urip puniki, barangkala sinung kamurahan, den e(ng)gal iya syukure, anejaha ati mumpung, mumpung kuwat agawe bekti, bokmenawa kinebat, atemahan getun, apan uga kanugrahan, peparingan rizeki saking Hyang Widi, karyanen tuku swarga.

34. Urip iku tan kena pinasthi, dhatan kena anjaluk semaya, miwah nedhang apa maneh, anging Allah kang agung, kang akarya pati lan urip, miwah ing ajalira, tan kena dinunung, amuhung ing karsa Allah, awakira lir serah mu(ng)geng jeladri, anut sakarsa Allah.

35. Utamane reki ing wong sugih, pan olehe saking guna kaya, \ h.87 \ iku ngamal ingkang bening, yen saking cacahipun, ananira reke wong sugih, yen saking rabinira, asru wirangipun, anane wong sugih ika, yen tan nya(n)dhang amangan kelawan bukti, ika kelabu ina.

36. Ingkang luwih inanira kaki, aneng dunnya tekeng akhirat, aksara den ta(m)pik kabeh, rukune iman tan weruh, rukune Islam pan ora uning, saguna kayanira, tan berkat/i/ tinemu, pan dadi kafir cilaka, upamane wong iku pan kadi belis, pasthi aneng neraka.

37. Ananira wong jurjana kaki, yen konangan anemu cilaka, /lan/ ananing ratu /ta/ singgihe, yen ana wong darbe atur, nuli dera parisani, iku kalebu ina, pan jenenge ratu, inanira sang pa(n)dhita, yen tan darbe, ing manah nampik asilih, \ h.88 \ iku kalebu ina.

38. Sang pa(n)dhita lan sang ratu sami, ananira pan kadi jeladra, kadi wisa pangucape, wisane prawan sepuh, katumpangan rambut kekalih, wisane kang jurjana, reke anut wulu, wisanipun sekul ulam, yen tan eca, temahan brangta pribadi, ika kang kaya wisa.

39. Wisanira reke wong abukti, yen tan halal suci wahunira, pesthi rusak wekasane, aja sira wilangun, ing busana kang

luwih adi, kaliwat ing busana, ing wanita iku, kang payudara wanita, ing pa(n)dhita wisane wong sakti luwih, miwah dhateng pepengan.

40. Pepangan(an) iku kang linuwih, nora nana angluwihi pohan, miwah asih ing sanake, nora ngluwihi sunu, lamun satru telenging ati, gething tan \ h.89 \ kena ilang, lamun dereng lapur, narima pasrah ing Allah, iya ika anut lampahira nabi, kang sisihan ing Hyang Sukma.

41. Lampah nabi iku kang linuwih, apare(n)tah maring kabecikan, cegah ma'siyat lampahe, amung wong hina pugung, bagus nora bisa ing ngalim, lir upamane sekar, aran waribang iku, tiningalan murub sinang, yen den aras, tan ana wangini-reki, kucem eman bagusira.

42. Bagusira wong putus ing ngilmi, kadi anggane madu lan pohan, piring putra wewadhahe, mangkana asor belilu, lir wewadhah dhedhak kang prapti, gatel separanira, den rubung ing semut, tan ana sucinira, wa(n)ten malih wong asor warneki, ngilminipun reke sawetara.

43. Upamane wong tan wruh ing kawi, lir ka(n)coha tan kena tiningalan, kang citra tambuh \ h.90 \ warnane, saujar-urari-pun, nora nana semunireki, apan kedah apeksa, ami(n)dha wong luhur, sejatine iku mudha, pan ketara pangucape amrih dhiri, wrengkeng /na/ ta(n) gelem kalah.

44. Pan ing ngriku nyatane yen jahil, meksih mudha akeh ujarira, kadi ajun tuk pamane, lamun kirang isinipun, sayektine pan kocak kacik, lamun kebek kang toya, tetek kang ponang ajun, upamane wong medzarat, akeh ujar akeh nyawaning wong meskin, dennya amet pengasilan.

45. Pengasilan kang den ati-ati, amemadha kaya wong rubiyah, sarwi putih panganggone, polahipun pas adu, halal haram kang den rasani, iku lambe la(n)dhungan, dhestare anggembul, sereban akuleweran, perandene kawruhe den gawe \ h.91 \ asil, ngilmune dadi pametan.

46. Pametane pan nora sathithik, dipun awor kalawan agama, okehe (leh)-olehe, kang saweneh pitekur, aneng pasar ateken ecis, angalosod aneng lemah, keskule ing ngayun, anyipta tibanging arta, kang saweneh andhedhekah ander pati, angungsi mring si naya.

47. Mring sunaya ragane kepati, kekebonan kelawan agaga, (kurang 2 suku kata) kapas kang den reke, aja sira katungkul, (ing)kang nusup ing wana giri, aneng pangajaran, kethone suwakul, pan meksih anyipta reruba, pepantese wong aneng pucuking ngardi, nenggih nora mangkana.

48. Yen angalap tan arep sadiyadik, lamun ana wong ngare kang prapta, pan agalak penjaluke, anjaluk kudhi lan pacul, tatah wadung lan lading pengirise, /a/nggennya \ h.92 \ amet pangasilan, den samar ing laku, winor lawan basa krama, pan paliyan tekeng pa(n)dhita luwih, akeh kang kama andaka.

49. Kama(n)daka kang den ati-ati, pengawadon kinarya alingan, semune enur den gawe, den sami andhedhukun, wong teta(m)ba amrih wejani, yen wong wadon merta(m)ba, kang ayu punika, tingale kumedhep tesmak, pangucape nora waras sira nini, yen nora sun /e/dusana.

50. Yen sun dusi patelesan putih, anggawaha sholawat setalam, sarta lawan kula(m)bine, lan koboan bokor stus, wus temunu ujaring wangsit, yen nora kelakon, bektine tan tulus, nora waras laranira, sang pa(n)dhita lir bujangga a(n)tuk wangsit, wilane amrih reruba.

51. Amrih dunnya pa(n)dhita kang bangkit, lir sambate kang asaba \ h.93 \ rawa, amerih samar ulame, adi-adi tan ayun, yen sathithik dipun tambah(i), kadi tan arsa ulam, polahe pisadu, kudu pamerih kang kathah, sekathahe (kurang 3 suku kata) kang dipun uwis, saweneh maring guwa.

52. Maring guwa ajana ngu(ng)kuli, kang cinipta zakat lan selawat, amrih oleha kang weweh, kang saweneh anglangut, anderpati anglaya bumi, iku lambe la(n)dhung, nyampingipun wulung, bari aling-aling trebang, nyangking keskul mider ngelaya bumi, meksih ahulah dunnya.

53. Ker(e)nane padha kang l(in)uwih, nora nyipta lampah(e) mangkana, amung lampah sakecane, (kurang 2 gatra), prandenen amet dunnya, anakena iku, neja tulung wong kasihan, pan ing tembe punika kang dereng manggih, dunnya kang dadi mala.

54. Wong adana bobotan tan singgih, kang darbeni iku kasugihan, lamun tan ana danane, kadi yewa anggening banyu, kang \ h.94 \ binendung tan kena mili, dadi temahan beda, katut lajreipun, malah larut kang tenggulang, upamane wong sugih tan dana kaki, ika upamanira.

55. Kang cinipta wau rina wengi, dunnya ika sinengguh aweta, milane banget gethinge, mering kang aweh tuduh, alawan dana shidqah kaki, iku ta budi sasar, anggenge kalurung, tan neja darbe ngamal, aneng dunnya kinarya sesangu mati, mangsa ngelu(ng)sungana.

56. Nora langgeng uripira kaki, kadi /a/nggene estri asenggami, tan wruh wiganan temahan(e), kalingan rowang luhung, nora gelem gedhonge picis, emas lawan salaka, wigati tinemu, pituture sang pa(n)dhita, upamane asrepe ngebun lan warih, maksih ingaranan wedang.

57. Ngamal lumrah kang madhangi ati, fardhu sunah iku lakonana, aja tunggal syarengate, \ h.95 \ iku marga kang agung, batal kharam kang den tinggali, halal wenang sinadang, kang penganggo iku, lampahe sa rengat(ira), anut Nabi Muhammad ingkang sinelir, (kurang 2 suku kata) kang atas Allah.

58. Pan sakehe jalma kang dumadi, lamun sira sinung kanugrahan, rumasaha peparinge, dadi ridho tinemu, manahira awasing jati, amrih mulya ngakherat, iku sejatinipun, milane angiyata pati, kanugrahan kinarya sanguning ngurip, lawan sanguning akhirat.

59. Nora wande wong ngurip puniki, sami mulih mering ajal(ira), tan kena dinuga reke, anom lan tuwanipun, pasthi sira katekan pati, mangsa ngelu(ng)sungana, wong ngurip puniku, aja katungkul ing dunnya, mu(m)pung urip amerih sangu-ning pati, duk kuwat kawarasan.

